ставлены методические средства формирования орфоэпической компетенции курсантов, приводятся примеры их использования.

**SUMMARY.** The article actualizes the system of exercises in the formation of orthoepic competence of cadets of military educational institutions. The author considers this topic in the analysis of the exercise system. The article also presents methodological tools for the formation of the orthoepic competence of cadets, provides examples of their use.

## PEDAGOGIKALIQ KOMMUNIKATIV MÁDENIYATI BOLAJAQ OQITIWSHINIŃ KÁSIPLIK TAYARLIǴIN JETILISTIRIWDIŃ SHÁRTI SIPATINDA

**S.Saytbekova** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*
**A.Jetesova** – *magistrant*
**D.Djumaniyazova** – *talaba*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** aloqa, axborot, pedagogik madaniyat, muloqot, jarayon, vosita, shaxs, funksiya.
**Ключевые слова:** коммуникация, информация, педагогическая культура, общение, процесс, средства, личность, функция.
**Key words:** communication, information, pedagogical culture, communication, process, means, personality, function.

Kommunikaciya informaciyalardı jetkerip beriwdiń texnikalıq qurallarınıń rawajlanıwına baylanıslı XX ásirdiń 20-jıllarında sociallıq ilimlerdiń óz betinshe obiekti sıpatında ajıralıp shıqtı. Texnikalıq qurallardı paydalanıw hám sonıń menen bir waqıtta shólkemlestiriw shártleriniń quramalı bolıwı informaciyalardı ortalastırıw nızamlılıqların arnawlı úyreniw zárúrliligin keltirip shıǵardı. Biz kórip ótkenimizdey, anıq ilimler, olardıń juwmaqları, ólshew birlikleri kommunikaciya teoriyasınıń rawajlanıwın támiyinlep, kommunikativ pedagogikalıq procesti basqa múyesh astında qarap shıǵıw imkanın beredi.

Sistemalı-kommunikativ-informaciyalıq jantasıw kommunikaciyanıń psixikalıq proceslerdiń informaciyalardı baylanıs kanalı arqalı jetkerip beriw sharayatlarında ótiwiniń specifikasın esapqa alıw tiykarında nátiyjeliliginiń kriteriyleri, sharayatları hám usılların anıqlaw imkanın beredi. Kommunikaciya qatnas procesinde oqıtıwshı hám studentlerdiń birgeliktegi iskerligi barısında hár qıylı túsinikler, ideyalar, sezimler, keypiyatlar hám basqa menen almasıwın qarastıradı, yaǵnıy informaciya tek berilip ǵana qoymastan, al qáliplestiriledi, tastıyıqlanadı, rawajlanadı.

Qatnastıń insanlar arasındaǵı kommunikativ funkciyası ózine tán specifikaciyasına iye.

Birinshiden, qatnas – bul tek informaciyanı almasıw yaki háreketke keltiriw emes. Biz hár biri aktiv subiekt esaplanatuǵın eki individtiń múnásibetin názerde tutamız. Kommunikaciya sxemalıq túrde intersubektiv process (SS) sıpatında, barısında qatnas predmetine erisiletuǵın informaciyalardı aktiv almasatuǵın subiekt-subekt ózara múnásibeti sıpatında beriliwi múmkin.

Ekinshiden, informaciyalardı almasıw subektlerdiń birbirine sińisiwin qarastıradı, sheriginiń xulqına onı ózgertiw maqsetinde psixologiyalıq tásir kórsetiwdi boljaydı.

Úshinshiden, kommunikativ tásir tek subektler birdenbir yaki uqsas kodlaw hám dekodlaw sistemasına iye bolǵanda (yaǵnıy, bir tilde bolǵanda dep aytıladı), belgileri hám oǵan bekitilgen mánisleri hámmege belgili bolǵanda ǵana múmkin boladı.

Tórtinshiden, qatnas ushın sociallıq yaki psixologiyalıq sıpatqa iye bolǵan kommunikativ tosıqlar tán boladı. Bir tárepten, bul bir ǵana túsiniktiń hár qıylı interpretaciyasıń júzege keltiriwshi hár qıylı dúniya tanıw, dúniya túsiniw boladı, basqa tárepten, tosqınlıqlar shaxstıń individual ózgeshelikleri (tartınshaqlıq, jabıqlıq, isenbew, sáykes kelmeslik)niń aqıbetinde sap psixologiyalıq sıpatqa iye bolıwı múmkin [1].

Pedagogikalıq qatnas funkciyalar boyınsha kontaktlı hám aralıqlı, informaciyalıq, qozdırıwshı, koordinaciyalıq bolıp, tálim procesiniń barlıq subektleriniń ózara háreketiniń múnásebetin ornatadı. Ol eki jaqlamalı jóneliste bolıwı, poliinformativliligi, reprezentatlivliliktiń joqarı dárejesi menen xarakterlenedi. Pedagogikalıq qatnas jańa sapalıq mazmunında ańlatılatuǵın hám tálim procesiniń subektleriniń ózara háreketiniń xarakteri menen anıqlanatuǵın barlıq tiykarǵı xarakteristikalarınıń specifikalıq sintezin payda etedi. Pedagogikalıq qatnas qatnastıń barlıq túrlerine tán bolǵan bir qatar ulıwma belgilerine iye bolıwı menen bir qatarda tálim procesiniń yaki «pedagogikalıq sistema»nıń obektleri bar bolatuǵın múnásibetler sistemasınıń ózgeshelikleri menen anıqlanatuǵın bir qatar specifikalıq belgileri menen xarakterlenedi [2].

Pedagogikalıq qatnastıń mańızın anıqlawda biziń izertlewimiz ushın qatnastı funkcionallıq hám dárejelik shólkemlestiriw haqqındaǵı túsinikler sońǵı on jıllıqlarda rawajlanıwı boldı (G.M.Andreeva, A.A.Bodalev, A.A.Brudnıy, A.N.Leontev, B.F.Lomov, V.N.Panfilov hám basqa).

Kommunikativ mádeniyattıń qáliplesiwin támiyinleytuǵın izertlewler (V.A.Kan-Kalik, A.V.Mudrik, M.G.Rud' hám basqa) analizi maqsetlerdiń: social-psixologiyalıq, kommunikativ-shólkemlestiriw, integrativ-kommunikativ bazı bir ierarxiyaların dúziw imkanın beredi [3, 4, 5].

Bul pedagogikalıq proceste iskerliktiń hár qıylı basqıshlarınıń (mısalı, jobalastırıw, koordinaciyalawshı hám basqa) ózara baylanısı sıpatında berilgen boladı. Oqıtıwshınıń kommunikativ mádeniyatı (KM)nıń rawajlanıwınıń pedagogikalıq mexanizmi biziń izertlewimizde bizdi qızıqtaradı. KM rawajlanınıń pedagogikalıq mexanizm biziń túsinigimizshe insan mádeniyatı túsinigi hám kórsetkishlerinen quraladı.

Mádeniyat (lat. cultura) – bilimlerdiń yaki iskerliktiń qaysı bir tarawında (miynet mádeniyatı, sóylew mádeniyatı ham basqa) ózlestirilgen dárejesi, rawajlanıw dárejesi [6].

A.I.Soljenicin tárepinen keltirilgen anıqlamadan paydalanamız: «1) civilizaciya ortalıqtı, jasaw sharayatların bóliw sıpatında, mádeniyattı insannıń ishki ómiri, onıń qálbin bóleklew sıpatında;

2) mádeniyat intellektual, dúniya qaras, etikalıq hám estetikalıq tabıslardıń jámlemesi boladı. Mádeniyattaǵı eń baslısı – materiallıq emes turmıstı rawajlandırıw, bayıtıw, jetilistiriw» [7].

Pedagogikalıq mádeniyat degende social-tariyxıy aspektte pedagogikalıq tájiriybeniń barlıq ámelde bolǵan jáhán civilizaciyaları hám tariyxıy waqıyalar dáwirleri waqtında toplanǵan qanday da bir jámlemesi túsiniledi (E.V. Bondarevskaya, E.Yu. Zaxarchenko, G.F. Karpova, N.G. Peshkova, R.M. Chumicheva). Avtorlar pedagogikalıq mádeniyattı quramalı ózin-ózi shólkemlestiretuǵın, ilim, kórkem óner, din, jámiyettiń ádeplilik belgileri menen informaciyalıq tolıǵıp barıwshı, sonıń menen bir waqıtta jańa áwlad tárepinen ayırım millettiń hám pútkil insaniyattıń ruwxıy-estetikalıq, ádeplilik-qádiriyatların qayta islep shıǵatuǵın hám tasıp jetkerip beretuǵın sistema dep qarastırıladı.

E.Yu.Zaxarchenko pikiri boyınsha, pedagogikalıq mádeniyat – bul «pedagogikalıq tásir tarawın integraciyalawshı ulıwma insanıy mádeniyattıń bir bólimi». Oqıtıwshınıń kásiplik tayarlıǵınıń hár qıylı tárepleri, ásirese kommunikativ mádeniyattı jetilistiriw sapasın uqsas tárizde salıstıradı. Oqıtıwshı shaxsınıń jónelisiniń sırtqı formasın pedagogikalıq sheberlik penen xarakterlew pikirin quwatlaydı [8]. Pedagogikalıq shaxstıń áhmiyetli qásiyetleri, professionalizm hám ónimdarlıqtıń shıńına erisiwdegi talabı menen támiyinlenetuǵın kásiplik-

pedagogikalıq jónelisi esaplanadı [9].

Oqıtıwshınıń kommunikativ kompetentliligi – bul insan tárepinen tábiyiy sociallasıwı, oqıwı hám tárbiyalanıwı barısında iyelep alınǵan bilimleri, til hám tillik bolmaǵan qábiletleri hám qatnası kónlikpeleri kompleksi. Individtiń tábiyiy kórsetkishleri hám potencialı bunda, sózsiz úlken rol atqaradı [10]. E.V.Bondarevskaya tárepinen keltirilgen reje ayırıqsha qızıǵıwshılıq keltirip shıǵaradı.

Pedagogikalıq mádeniyat oqıtıwshı shaxsınıń mańızlıq xarakteristikası esaplanadı hám tómendegi quramlıq komponentlerdi qamtıp aladı:

- pedagogikalıq poziciya hám kásiplik-jeke sıpatlar;
- pedagogikalıq bilimler hám kásiplik oylawdıń mádeniyatınıń joqarǵı dárejesi;
- kásiplik-pedagogikalıq qábilet hám pedagogikalıq iskerliktiń dóretiwshilik xarakteri;
- shaxstıń qulıq, qatnas, ózin tártiplestiriw uqıbı mádeniyatı [11].

Pedagogikalıq texnikanı mamanlıq penen iyelep alǵan oqıtıwshı óz emociyasın, hawazın (tonı, kúshi, intonaciyası), sózin, jestin, mimikasın pedagogikalıq tásir kórsete alıw apparatına aylandıra alıw uqıbı menen ajıralıp turadı. Óziniń psixikalıq jaǵdayın basqarıw, óziniń tárbiyalanıwshılarına óziniń múnásibetin pedagogikalıq tásirli hám emoconial túrde ashıq ańlata alıw qábiletin basqarıwı oqıtıwshınıń kásiplik texnikasınıń qurallarınan biri esapladı.

Solay etip, pedagogikalıq mádeniyattı izertlewdiń problematikasın islep shıǵıwdıń házirgi awhalın analizlew, alımlardıń onıń mańızı hám mazmunın anıqlawǵa qızıǵıwdıń artıwın tastıyıqlaw imkanın beredi.

**Ádebiyatlar**


1. Викторова Л.Г. Теоретические основы становления интеллигенции в образовательной системе высшей школы: Дисс. д-ра. пед. наук. – Красноярск: 1999. - С.223.
2. Землянова Л.М. О парадоксах коммуникативного разнообразия // Вестн. моск. ун-та. - 1998. Сер.10. № 4. - С.9-13.
3. Калинин М.И. О коммунистическом воспитании. - М.: 1958. - С.26.
4. Мудрик А.В. Учитель: мастерство и вдохновение. -М.: «Просвешение», 1987. –С. 160.
5. Рудь М.Г. Формирование коммуникативной культуры будушего учителя начальных классов в педагогическом колледже: Дис. канд. пед. наук. – Ростов –на Дону: 1999. –С. 132.
6. Журавлев И.К. К проблеме организации урока. // Сов. педагогика, 1986, №3. - С.88-91.
7. Кузьмина Н.В. Методы системного педагогического исследования. Учебное пособие. - Л.: ЛГУ, 1980. –С. 172.
8. Кузьмина Н.В. Профессионализм личности преподавателя и мастера производственного обучения. - М.: 1990. –С. 17.
9. Бондаревская Е.В. Уровень педагогической культуры - главное основание для аттестации учителя. – Ростов –на Дону: 1994. –С.15.



**REZYUME.** Ushbu maqolada bo‘lajak o‘qituvchilarning muloqot va ta'lim jarayonida o‘quvchilar bilan pedagogik kommunikativ madaniyatini shakllantirish va takomillashtirish haqida so‘z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о формировании и усовершенствовании педагогической коммуникативной культуры будущих учителей с учащимися в процессе общения и обучения.

**SUMMARY.** This article states about the formation and improvement of a pedagogical communicative culture of future teachers with students in the process of communication and learning.


## МАХСУС МАШҚЛАР АСОСИДА МАТЕМАТИКА ЎҚИТУВЧИЛАРИНИНГ КРЕАТИВ КОМПЕТЕНТЛИЛИГИНИ РИВОЖЛАНТИРИШ МЕТОДИКАСИ


**С.Т.Сейтмуратов** – *таянч докторант*

*Ажинёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** креатив, компетентлик, геометрик масала, масалалар ечишни ўргатиш, вектор, вектор усули.

**Ключевые слова:** креативность, компетентность, геометрическая задача, обучение решению задач, вектор, векторный метод.

**Key words:** creativity, competence, geometric problem, problem solving training, vector, vector method.


Таълимга қўйиладиган асосий мақсадларнинг бири, бу - ўқувчиларда инсонпарварлик қадр-қиммат туйғусини, олий маънавият, эстетик бой дунё қарашини шакллантириш бўлиб, бу ерда асосий қадирият инсон ҳисобланиб, шахснинг ривожланишига эътибор қаратилади. Бу борада Ўзбекистон Республикасининг 2020-йил 23-сентябрдаги ЎРҚ-637-сонли «Таълим тўғрисида»ги Қонуни [1], Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2021-йил 25-январдаги «Халқ таълими соҳасидаги илмий-тадқиқот фаолиятини қўллаб-қувватлаш ҳамда узлуксиз касбий ривожлантириш тизимини жорий қилиш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-4963-сонли [2], 2020- йил 7- майдаги “Математика соҳасидаги таълим сифатини ошириш ва илмий-тадқиқотларни ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисида” ги ПҚ-4708-сонли қарорлари алоҳида аҳамият касб этади [3].

Юқоридагиларни инобатга олган ҳолда биз математикани ўқитиш жараёнида бўлажак математика ўқитувчиларнинг ижодий компетентлигини шакллантиришнинг асосий гуруҳларини шакллантирамиз:

-бўлажак математика ўқитувчиларнинг ижодий фаолиятида талаб қилинадиган математик билимларни, шунингдек математик масалаларни ҳал қилишнинг ижодий усуллари тўғрисида билимларни шакллантириш;

- талабаларнинг креативлигини ривожлантириш методикаси бўйича талабаларнинг билим ва кўникмаларини шакллантириш;

- ижодий фаолиятнинг асосий ҳаракатларини амалга оширишда тажрибани шакллантириш (мавжуд маълумотларни таҳлил қилиш ва синтез қилиш, ностандарт вазиятда муаммонинг ечимини излаш, мавжуд билимларни принципиал янги вазиятга ўтказиш ва ҳ.к).;

Демак, геометрия фанида планиметрик шаклларнинг анологлари буйича бўлажак математика ўқитувчиларнинг фазо тучунчаси креативлигини шакиллантиричда вектор усулидан фойдалинишни кўриб ўтайлик ва уни қўйидагича асослаймиз:

1. Ўқувчилар стереометрик маслаларни етук тушуниб олишлари учун уларнинг фазовий тасаввурларини такомиллаштириб боришимиз керак. Чунки, айрим ҳолларда ўқувчилар фазовий фигуралар ва уларнинг қисмларининг ўзаро жойлашиш ҳолатини аниқ тасаввур қила олмаслиги натижасида ҳато хулосаларга келиб қоладилар. Агар биз текисликда жойлашган фигуралар билан фазовий фигуралар орасидаги боғлиқликка ўқувчиларнинг диққатини тортиб, улар орасидаги мосликни айтиб борсак, стереометрик масалаларни чуқур тушуниб ва уларни онгли равишда ўзлаштириб боради.

2. Геометриянинг стереометрия қисмида уч ўлчовли фазодаги фигуралар ўрганилади. Демак, текислик вазиятидан фазо вазиятига ўтиш учун текисликнинг ўлчовини бир бирликка орттиришимиз керак. Шунда фазода ўзаро чизиқли боғлиқсиз бўлган тўрт нуқта бор бўлади. Бу тўртта нуқтадан ва уларни кетма-кет туташтирувчи кесмалардан тузилган фигурани олсак тетраэдр келиб чиқади. Бу ерда шуни ҳам таъкидлашимиз керак, тетра-